Тырку сультІанымрэ кърым хъаныкъуэ Сунжэ быдапІэм щхьэнымрэ я кьытракьуэз пэтми, урысхэм Къэбэрдейр зыми и Іэмыщіэ имылъут зэралытэр. Истамбул дэс урыс лІыкІуэ Новосильцев Иван 1570 гъэм тыркуэм яжриІащ: "БыдапІэр зэрауэ ар Идар Темрыкъуэ и жэрдэмкІэщ, ар езыр зи пщышхуэ, зи щхьэ хуит хэкуращ зращІыхьар, абы и гъунапкъэр Хьэзэр тенджьым нос".

Урыс лІыкІуэм тыркуэм яжриІащ Къэбэрдеймрэ Беслъэнеймрэ я щІыналъэм верст 500-кІэ зэрызэпкъуэдмкІэ, а щІыналъэр «тыркухэм я жьауэм щІэт кІаХэ адыгэхэм я лъахэм зэрыщымыщІыр», апхуэдэу щыщыткІэ, урыс лІыкІуэм зэрыжиІамкІэ, «Тэрч кьалэр зращІыхьа щІыналъэр Темрыкъуэ фІэкІ, нэгъэщІ зыми Іэщіэлъкьым».

Урыс документ гуэр 1571 гъэм щхьэт зэрытехьащи, Сунжэ быдапІэр пащтыхьым зэриухуар Идар Темрыкъуэ и лъэІукІэщ, щаухуар «абы и щІыналъэрщ, ар и бийхэм щхьэцэмэн папщІэ». НэгъэщІу жьпІэмэ, Къэбэрдейр зи щхьэ хуит кьэралщ, кьалэ ящу эн щхьэкІэ, ар Тырку м щІеупщІыж щыІэтэкъым. А зэманым Къэбэрдейм «Псыхуабэ кьэралкІи» кьеджэу зэрыщытари зыщыбгъэгъунщэ хьунукъым.

Къэбэрдейр зи щхьэ хуит кьэралущ урысхэм я зэманым зэралытар – ар кьохощ тхыгъэ куэдым. Абы Къэбэрдейм и щІэзэ нэхьри кьиІэтыр, зэрыпхъуэкІуэхэм тегушхуэгъуафІэ ямыщІыфым щхьэкІэ, апхуэдэ лъытэныгъэм мыхьэнэшхуэ и ІэзІ Темрыкъуэ и зэманым. Тырку-хэр аратэкъым: къэбэрдейхэри абыхэм я хэкури я Іэмыщіэ илъут я зэрабжьир. Ар, зэрырыгуэгъуащи, Къэбэрдеймэ Урысейми Тырку м хуадэнутэкъым. Зыхуамыдэхэнур кърым хъанхэрат. Хъанхэм я дзэр Іэджэрэ кьиІэрыгуащ Къэбэрдейм, ар я лъэгу щІагъэувэн щхьэкІэ, ауэ ар зэи кьеъулІакъым, итІани Къэбэрдейм кьыщІэзэу зэпытащ, зауэ я кьращІилІэуэ щыта зэгурыІуэныгъэм Екатеринэ ЕтІуанэр 1763 гъэм апцІыжьащ.

Урысхэм тыркудзэр 1739 гъэм зэхакьуТа нэужь, Белград щызэращІыла зэгурыІуэныгъэм ипкъ итІкІэ, Урысейр ар-гуэру щыхьэт техьауащ Къэбэрдейр «зэрыщхьэжьитым». Абы Тыркури иригъэувэлІэн х уэзфІэкІащ Урысейм. Къэбэрдейм Іэджэ щІауэ кьыщІэдэу тыркуэрэ урысхэм щыхагъэзыхьым, «акъылэгъу хьащ» Къэбэрдейр зэрыщхьэхуитымкІэ.

Абы и ужькІэ нэхьри гъунэгъу зэхуэхьащ Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ, дзыхь нэхь зэрагъэзащ. Пащтыхьу гущІэ Елизаветэ Петр и пхъум куэд илэжьащ, Къэбэрдейм и пщІэр кьиІэтын щхьэкІэ. Абы папщІэ ар хущІэжьу зэпытащ къэщхьэтау, бахьсэн пщы гупхэр зэрызэгурІэкІужьыным икІи ар хуэзэфІэкІащ. Бахьсэн гупым щыщ пщыхьэм 1753 гъэм жэпуэгъу маэзм и 24-м Елизаветэ Петр и пхъум уахтащ ахэр хущкъэтау гупым зэрекІужар, гупитІми я гъунапкъэхэр зэрагъэбелджьилар - абыкІэ фІыщІэр зыщалъатэр пащтыхь гуащІэм дежт.

Къэбэрдеипщхэм я лъэІукІэ, Елизаветэ Петр и пхъум унафэ ищІри, урыс пльырыдзэр Мэздэгу деж Іуащыжащ, абдеж кьращІыхьа бэтэгъейхэри (пльырыпІэхэр) якьутэжащ, а щІыналъэр Къэбэрдейм зэрейр кьалытэри. Пщыхьэм зэратхымкІэ, Мэздэгу деж пльырыдзэ щымысми, къэбэрдейхэр шынагъуэ ихуэнутэжьым, ар дэнэ къэна, езыхэм яхуэзфІэкІынут Къэбэрдейм Урысейми я гъунапкъэхэр яхьумэн. А псорэ щыхьэт тохьуэ Урысейм Къэбэрдейр дикІу зэн мурад зэримыІам.

Темрыкъуэ и жэрдэмкІэ Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ зэращыІлъауэ щыта зэгурыІуэныгъэм зэрагъэратІми я фейдэ хэпытащ, абы и фІыгъэкІэ ахэр гъунэгъу дыдэ зэхуэхьуауэ щытащ, зыр адрейм кьыщхьэщыкурэ гъэзгуанэ кІыхь кьызэдакІуащ.

Сунжэ быдапІэмрэ къэбэрдейхэм я лъэІукІэ урысхэм Хьэзэр тенджьым и Іуфэм Іуащыхьа, Тэрч кьалэмрэ мыхьэнэшхуэ я яІащ Кьэбэрдейм кьыщІэдэу Тырку м Кырымымрэ я лъэр убыдныкІэ, абы и кьуэкІыпІэ гъунапкъэр зэрыпхъуэкІуэхэм, псалъэм папщІэ, Персием, Шэхьуэныкъо (Персием и лъэр а зэманым Сулак псым кьэсауэ, нэгъэщІу жьпІэмэ, Къэбэрдейм гъунэгъубэ кьыхуэхьуауэ щытащ). Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я дзэхэр зэщІыгъуу бийхэм зэдеэзэуащ - тІуми щынагъуэ кьащІыІэзэрыхьым деж. Тырку, Кырымыр, Польшэр, Швециер, Персиер кьащытеуэкІэ, къэбэрдейхэр Урысейм дэІэпыкъуэгъуэ зэрыпытащ. Урысейр кьэралым лъэщ дыдэ, зи пщІэр лъагэ кьэралыгъуэ зэрыхьуэм кьэдэрдейхэм я фІыщІэ хэпытащ - абы щыхьэт тохьуэ тхыдэр.

БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Барэсбий,
тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор.

●Псалъэжьым къеІуатэ

Сотей зэхудипІалъэщ

1569 гъэм тыркухэмрэ кърым хъаным и дзэмрэ Азакъ (Азов) щежьэри, Идыл Іуфэ Іухьащ, я кхъуафэхэри я топхэри абы нэс ялъэфащ.

ДЗЭМ я пашэр кърым хъан Долэт-Джэрийт; я мурадыр Астрэхъан Урысейм фІаубыдыныр, Астрэхъан и тедхэри, Астрэхъан нэс есыхащ. Абдеж урысхэр кьащІыпэуври, Долэт-Джэрий и дзэр кьыхагъэщІащ.

Урысыдзэм хэтащ Тэрч кьалэ дзе кьэбэрдей дзэпщым и шухэри. Нэгумэ Шорэ зэритхымкІэ, Астрэхъан деж кьыщыхагъэпІа бийм я щхьэр къэщІахьэри, Азакъкъ ІэкъуэнэтІыжащ. Абыхъм я лъэужьыр кьахуурэ, тхыдэр щыхьэт зэрытехьуэмкІэ, къэбэрдей щухэм тыркухэмрэ кърым хъаным и дзэмрэ зэтрауплъэщащ, шы, Іэщэ фІаубыдащ, бийм щыщ куэд гъэр ящІащ. Абы щыгъуэщ, етх Нэгумэ Шорэ, «Сотей зэхудипІалъэщ» псалъэжьыр къыщежьащ (Тэнрэ Псыжьрэ яку дагъ губгъуэм адыгэхэр Сотейкіэ еджэу щытащ. Псалъэжьыр кьыззэрыбгурыІуэтауащ: Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ ди ужь фыкъихьэмэ, дяпэкІи аращ кьыфщыщІынур).

КЪАРТУЛ Хьисэ.

●Дзэпщ цІэрыІуэхэр

Къанокъуэмрэ Къанщауэкъуэмрэ

Никон летописыр щыхьэт зэрытехьуэмкІэ, 1552 гъэм щэкІуэгъуэ мазэм Мэзкуу кІуауэ щытащ бесльэнеищ Мэщыкъуэ, абазэщІ Елбэзыкъуэ Пуэн, щыщ Тэнэщыкъуэ сымэ, «зиусхьэн пщыпхуэм щхьэнэ хуащІын, ар кьащхьэщыжьын, кърым хъаным щыхьэмэн папщІэ ельэІуну».

ЛІыкІуэхэм я пашэр беслъэнеищ Къанокъуэ Мэщыкъуэт. Шэрджэс лІыкІуэхэр Мэзкуу щыІащ 1553 гъэм и щыщыкъуэ мазэ пщІондэ. Аэхэр урысхэм ящІэхуэхьуэ, пащтыхьым Иван ЕлдІанэм и лекъуэхэм хуэщІ, кърым хъаныр Шэрджэсым кьызэрытеуар щыІэхахьм, я хэкум кьагъэзэжащ, «пащтыхьым хуэнэжьыкІэ псалъэ иратри».

ИлЪЭСИТІ дэкІри, 1555 гъэм, щыхуи 150-рэ хьу лыкІуэ гуп Мэзкуу кІауат аргуэру. ЛІыкІуэхэм пашэ яхуэхьуащ жанеиищ Сибокъуэ, абы и кьуэр, и кьуэщІр, абазэщІ Езбэзлу Дударыкъуэ сымэ. Аэхэр Мэзкуу щІэкІуар урыс пащтыхьым и Іэмыщіэ зралъхьэн, ар зыдагъэІэпыкъун щхьэкІэт. ЛІыкІуэхэм пащтыхьым жраІащ «Шэрджэс хэкур Мэзкуу кьэралыгъуэм гуэр псэкІэ эзрегъадІэр». Абы щыхьэт техьауащ Шэрджэсым щыІа урыс лІыкІуэ Щепотьев Иван. Пащтыхьым аэхэ кьыгъэгугъащ кърым хъаным щихьэмэну, ар кьатеуэ хьумэ, адыгэхэм кьащхьэщыжьыну.

Урысейм кьулыкъу хуащІэн щхьэкІэ, 1557 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм Мэзкуу кІуащ пщы гуп, абыхэм «пащтыхьыр гуапэу кьаІуащІ, иригъэблагъэри унэ-лъапсэ кьаритащ». Зи гугъу тщІы пщы гупым яхэтащ бесльэнеищ Кьанокъуэ Мэщыкъуэ.

Мэзкуу кулыкъу щищІэн щІидза нэужь, Кьанокъуэ Мэщыкъуэ ИванкІэ кьеджэ хьуащ. Кьрымым щыІэ урыс лІыкІуэм Мэзкуу хьыбар кьригъэІащ хъаным и дзэм кьэралым кьытеуэн мурад зэриІэмкІэ. Апхуэдэ хьыбар щыгъэхихьм, пащтыхьым тэтэр хъаныкъуэ Тохьутэмышр Мэщыкъуэрэ Тулэ игъэкІуащ, тІуми унафэ яхуиІащ «дзэ пашэм яхэтыну».

1558 гъэм и бжьыхьэм Кьанокъуэ Мэщыкъуэ, дзэм я пашэу, Псков ягъэкІуащ, Ливонием зауэ кьащыщхьэти. Адыгэ дзэпщыр абы щыгъуэ хуэзфІэкІащ Эстонием и зэхуэдитІыр Урысейм кьыгунгъэхьан.

1560 гъэм Кьанокъуэ Мэщыкъуэрэ Кьанщауэкъуэ Сибокъуэрэ Шэрджэсым кьагъэкІуэжащ, кърым хъанэм езэуэн папщІэ, адыгэхэр кьызэщІаІэзэну. Шэрджэсхэмрэ урысхэмрэ я дзэхэм 1560 - 1561 гъэхэм Кьрымым удынышхуэ ирадыш яхуэфІэкІащ. Шэрджэсхэм я дзэм абы щыгъуэ я пашэу щытар Кьанокъуэ Мэщыкъуэрэ Кьанщауэкъуэ Сибокъуэрэщ.

Урыс летописхэм кьаэзрыхэщыкІэ, Кьанокъуэ Мэщыкъуэ дунейм щекІажар 1562 гъэрщ е нэхъ иПэІуэкІэщ.

Тхыдэм щыщІэрыІуэщ Кьанокъуэ Мэщыкъуэ и кьуэри. Мэзкуу кІуа нэужь, абы Петр цІэр кьыфІащащ. Мэщыкъуэ и кьуэр (Ахаматшуков Петр) кьыкъэжьыкІащ шведхэм иращІэлІуэ щыта зауэм: пащтыхь Федор Иван и кьуэм и унафэкІэ, ар дзэ пашэм Іэтащхьэ хуащІауэ щытащ. Петр яхэтащ Лжедмитрий 1604 гъэм ираутІыпща дзэм. ИтІэситІ дэкІри, Петр Сыбырым кулыкъу кьыщратащ, абы 1607 гъэ щІондэ щыІащ, нужьКІэ Галич дзэпщ кулыкъу щызэрихьащ. 1615 гъэм дунейм ехьжащ.

Петр и гъуэгум ириКІуащ абы и кьуэри - Ахаматшуков-Черкасский Василий. 1614 гъэм ар Воронеж и дзэпщщ, 1615 гъэм Мэзкуу дзэпщ кулыкъу щызэрихьащ, а гъэ дыдэм щыщхьІу маэзм и 20-м Псков ягъэкІуащ, «шведхэмрэ нэмыцхэмрэ гъунапкъэр ящихьумэн папщІэ», нэхъ нужьыІэкІэ Сыбырым и дзэпщ хьуащ.

1617 гъэм Черкасскхэх Василий Петр и кьуэмрэ Мамсырыкъуэ и кьуэ Дмитрийрэ Волокэ ягъэкІуащ, «Литвам и щІыхуэхэм ятемыплъэкъыІын щхьэкІэ». Урыс тахьтэм кьыщІэбэн полякхэм я дзэм 1618 гъэм къэрал гъунапкъэр кьызэпаупІри, Дорогобужэр Вязьмэрэ яубыдащ, Мэзкэсэ къэзащ. Полякхэм пащтыхьэ урысыдзэм пашэ хуащІащ Черкасскхэх Дмитрийрэ Василийрэ. ЗэрыпхъуакІуэхэр зэтрагъэувыІэн яхуэзфІэкІащ адыгэпщ хахуэхэр зи пашэ урысыдзэм. А зауэм Черкасский Дмитрий уЭгъэз щыхьэуауэ щытащ.

1622 - 1623 гъэхэм Мэзкуу щыпсэу Литвамрэ епсэлъа урыс лІыкІуэхэм я пашэу щытар Черкасский Василийщ. Абы щыгъуэ зэгурыІуауэ щытащ «мамыру зэдэпсэуну, я жагъуэ зэрымыщІыну».

1624 гъэм мазаем щыщІэдзауэ Черкасский Василий Псков дзэпщ кулыкъу щызэрихьащ, нужьКІэ ар дзэпщ щыхьащ Вязьмэ, Дивиск областэм, Архангельск. 1635 гъэм щыщхьІу мазэм и 6-м Черкасский Василий Бояр Думэм хагъэхьащ, пащтыхьым гъунэгъу дыдэ хуэхьуащ.

1642 - 1643 гъэхэм Черкасский Василий Псков и дзэпщщ. Бухъэрамрэ Шэрджэсымрэ я лъкІуэхэм пащтыхьым щепсалъэм щыІэу (1644) Черкасскэр ириХьІащ, щІэ нэхъ зыхуащІ дзэпщхэм, дипломатхэм ящыщти.

Черкасский Василий 1652 гъэм дунейм ехьжащ. Бын иІакъым.

ДЗЭМЫХЬ Кьасболэт,
тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и профессор.

Бэч и кьуэ Долэтджэрий

●ЩІэныгъэмрэ псалъэмрэ

Мэзкуу Кремлымрэ Звенигород кьалэм ущыкІуэхэ, «Пащтыхь гъуэгум» ущрохьэлІэ Юдино кьуажэм - ар зэрэ Бекович-Черкасский Александр (Бэч и кьуэ Долэтджэрийщ). ЩІэрыІуэщ Марфинэ рощэ, Марфинэ жьлагъуэзэри - ахэри зи Іэмыщіэ ильар зи гугъу тщІы пщы унагъуэрщ.

ГъэщІэгъуэнщ Бекович-Черкасскэм и Іуэхуэ кьыдэрыщІидзар. Тыркуэм щІалэ дыдэу яІэрыхьэри, ар Азакъ быдапІэм анэмэт пэлъытэу щаІыгъащ. Азакъ (Азов) быдапІэр 1696 гъэм урысыдзэм кьаубыдащ, адыгэпщ щІалэри хуит кьащІыжьащ. Щалэм фэуэ тетт щыху кьызэрыхьэкІыпІэр: урысыбзэр щІэх дыдэ зригъэщІащ, еджащ, и ныбжьым хуэфэ-щэн щІэныгъэ зригъэгъуэтащ.

Мыри гъэщІэгъуэнщ: Ганнибал Ибрэхьимрэ Долэтджэрийрэ кьызэхэхуащ, тІури пащтыхь Петр игъэсащ, чыристан диным изыгъэхьри аращ. Чыристан диныр кьиштА нэужь, адыгэпщ щІалэм Бекович-Черкасский Александр Петр и кьуэ кьыфІащащ, Ганнибал Абрэм Петр и кьуэ (абы и щІэбло гъэм ящыщщ урыс усакІуэшхуэ Пушкин Александр).

Петр Езанэм Бекович-Черкасскэр Голландиеми игъэкІуащ - хым зэрыщыщэкІуэ, кхъухь зэращІ Іэмалхэм я ригъэджэн папщІэ. Амстердам дзе музейхэм ноби щахьумэ абы щыхьэт техьуэ хьэпшып эмылІэужьыгъуэхэр. Голландием щиІа кхъухькІэ Бекович-Черкасскэр Кронштадт кьэкІуэжауэ щытащ.

Бекович-Черкасский Александр Преображенскэ полк щІэрыІуэм и капитан щІэр кьаІэпІащ. Пащтыхьым, ар пэльытат генерал-лейтенант щІэм. Петр и зэманым апхуэдэщІэ зыкІащ хабзэр щІыхь пЪэрэзхьэ дыдэрэщ. Апхуэдэщ Бекович-Черкасскэр. Ар щІэх дыдэ хьуащ дзэпщ, кьэхутакІэщ, зекІуэлІ, щІэныгъэлІ щІэрыІуэ. ИгъэУ нэмысауэ дунейм емыкьожатэм, Бекович-Черкасскэр Урысейр зыгъэзбжьыфІэ лЪыщхьэм ящыщ хьуну зэрыщытам шэч пЪэпкъ хэпытащ.

Тхыдэ щхьэхуэ хэфащщ Бекович-Черкасскэр кьыдыхэкІа лЪэпкъым. Шэджэм ЕтІуанэ кьуажэм ящыщІэхэр зэрыщІидзар. ТыркуэМ щІалэ дыдэу яІэрыхьэри, ар Азакъ быдапІэм анэмэт пЪэльытэу щаІыгъащ. Азакъ (Азов) быдапІэр 1696 гъэм урысыдзэм кьаубыдащ, адыгэпщ щІалэри хуит кьащІыжьащ. Щалэм фэуэ тетт щыху кьызэрыхьэкІыпІэр: урысыбзэр щІэх дыдэ зригъэщІащ, еджащ, и ныбжьым хуэфэ-щэн щІэныгъэ зригъэгъуэтащ. Ар щІэх дыдэ хьуащ Александр яфІащащ Марфэ: нэхъыжьыр полковник, нэхъыщІэр бригадир (генералым пэльытащ) хъуащ. Бекович-Черкасскэхэр лЪэпкъым щхьатехьукІа щІэблэм ящыщщ граф Дмитриев-Мамонов А.М., абы и кьуэ декабрист граф Дмитриев-Мамонов М.А., симбирск губернатор Бекович-Черкасский П.Д., урыс-япон зауэми ЙпэдунейпсО зауэми лЫгъэ щызэзыхьа, Кьэбэрдей щу дивизэм и Іэтащхьэ, 1919 гъэм Кьэбэрдейм и унафэщу щыта Бекович-Черкасский Ф.Н. сымэ, нэгъэщІ лы цЫрыІуэ куэди.

Пащтыхь Петр и унафэкІэ Хивэм кІуэу ЕтІуанэ зауэ щІэтым Іуэху щхьэпэ куэд илэжьащ Бекович-Черкасскэм: Хьэзэр тенджьым и Іуфэр кьихутащ, абы и кьартэ зэхилъхьащ, хы Іуфэм быдапІэхэр ІуищІыхьащ (Краснодоск кьалэм и лъабжьэр зыгъэтІылъари аращ). Хивэм щыпЪэлэгъэм зауэлІ минитІщ Черкасскэм щыгъужьар - адрейхэр хы Іуфэм ІуищІыхьа быдапІэхэм кьыдиНащ. Александр и дзэпІекъуэгъут майор Франкенбергрэ поручик Кожинымрэ.

Кожинымрэ Бекович-Черкасскэм экспедицэм и Іэтащхьэм зэрар зэрыкъуэхьмкІэ: ефыгъуэртІ, пщы тІритхьэуэрэ бзэгу кІэлъыІэрихьэрт, хьыбар мыфэмыщхэр зэфІэгуитІыкІырт. Черкасскэм и зауэлІ мминитІым хивэ хъаным, Ширгъазий, и дзэ, мин 24-рэ хьур, зыбжанэрэ кьебгъэрыкІуащ, ауэ кьыпхъыщакьым. Нужьым, урысхэм зэрапэмыльэщынур кьыгурыІуэри, хъаныр Черкасскэм кьебзэджэкІащ...

И щхьэгъусэм дэкІуэтэу кьыщІигъэзэжьым, Марфэ Борис и пхъур Индыл хэкІуэдащ. Псым итхьэлащ Черкасскэм и пхъуитІи. И кьунтІыр псэууэ кьэнащ. Апхуэдэ хьыбар гуауэр зэхебгъэхьхунутэкъым капитаным, ауэ Кожиным ар хуэбзыщІакъым, Черкасскэм деж нигъэсащ, уеблэмэ и кьунтІри псым итхьэлауэ жриІащ. Пушкин Александр зэритхымкІэ, апхуэдэ хьыбар гуузыр Черкасскэм и гум ежьІащ. Абы кьыхэкІагъэнкІэ мэхъу Ширгъазий ар кьызригъэпщІэфар: и дзэр жьлагъуэ-жьлагъуэкІэ зэбгрыригъэшри, хутыкьуапІэ иригъэ хуащ...

Черкасскэхэ я тхьцэм сыдихьэха нэужь, абыхэм я хэкум, Кьэбэрдей-Балъкъэрым, сыкъэмыкІуэн слъэкІащ. Пэпкъ цІэрыІуэм и хьыбар щысІуэтащ, абы теуха тхыльэ стхьн мурад зэрызІэри щыжьісІащ университетым, гуманитар институтым, мэкъумэш академием, Налшык, Мак, Прохладнэ, Шэджэм кьалэ хэм дзт школхэм - дзэн гуапэу кьыщысІуащІащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щыхуэр, араш Черкасскэхэ я хэкум теухуа тхьльэт стхьн мурад щІэсщІар.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм игъэпэпІэнущ Урысеймрэ зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ зэрыриКъуэр махуэр. Ар махуэшхуэщ. Тхьлъ гъэщІэгъуэнхэр кьыдэжьи хуейщ а махуэм и щыхькІэ, абы трагъэхуэн хуейщ фильмхэр, выставкэ хэр.

Налшык сикьижа нэужь, дгъэзэпІэн хуейуэ кьыгупщыт махэушхуэм теухуауэ сэ телевизоркІэ сыкьэпсэпІащ. Ар дыдэм сыщытепсэльыхьынущ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академиемэ.

Москва зы уэрам щыІэщ Темрыкъуэ и кьуэ Мамсырыкъуэ и цІэр зэрихьэу - абы щыгъэувыпІхьэт дзеПлъ гуэр. Налшык дзэщІыхььэм хуейщ Черкасскэхэ я пашэм хуэфащэ фэепльэ екІу - апхуэдэ гулъытэ щІахуэпщІын фІыщІэ щаІащ абы Кьэбэрдейми Урысеймэ я пащхьэм.

Сэ сызэрепльымкІэ, мадзэр кьыхагъэщІащ.

Урысыдзэм хэтащ Тэрч кьалэ дзе кьэбэрдей дзэпщым и шухэри. Нэгумэ Шорэ зэритхымкІэ, Астрэхъан деж кьыщыхагъэпІа бийм я щхьэр къэщІахьэри, Азакъкъ ІэкъуэнэтІыжащ. Абыхъм я лъэужьыр кьахуурэ, тхыдэр щыхьэт зэрытехьуэмкІэ, къэбэрдей щухэм тыркухэмрэ кърым хъаным и дзэмрэ зэтрауплъэщащ, шы, Іэщэ фІаубыдащ, бийм щыщ куэд гъэр ящІащ. Абы щыгъуэщ, етх Нэгумэ Шорэ, «Сотей зэхудипІалъэщ» псалъэжьыр къыщежьащ (Тэнрэ Псыжьрэ яку дагъ губгъуэм адыгэхэр Сотейкіэ еджэу щытащ. Псалъэжьыр кьыззэрыбгурыІуэтауащ: Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ ди ужь фыкъихьэмэ, дяпэкІи аращ кьыфщыщІынур).

КЪАРТУЛ Хьисэ.

Долэтджэрий. *Сурэтыр* **Мэлбахъуэ Мадинэ** *ищІащ.*

хуэшхуэм зыщыкъуэдгъэхьэзыр зэманым ди тхыдэм и гугъу нэхъыбэрэ тщІыпхуэ ещІ, ЩІэблэм ящІэн хуейщ Къэбэрдейм тхыдэ кьулей зэриІэр, абы лЫ Іуф къэзэрыщІалъхьар. Налшык сигу ирихьащ, кьалэ щІэращІэщ ар. Республикэм и кьалащхьэр нэхъри ягъэбжьыфІэнщ Къэзанокъуэ Жабагьы, Пагуумэ Шорэ, Кьыщокъуэ Алим сымэ я фэеплъэм.

Республикэм и архивхэм щызэхэхьэхэсыр хуэяІэ федерал, хамэ къэрал архивхэм кьыщыІэзэтенауэ щахьумэ документ гъэщІэгъуэнхэр - сэри абыкІэ схуэзэфІэкІыр зезэкьыпу фыкьызэогъэгугъэ.

НэгъэщІ Іуэхуфі куэди блэжьыбынущ, псалъэм папщІэ, Налшык паркыр нэхъри щІэращІэ, дахэ хъун папщІэ. Щхьэ фІэпщыжьмыхуэрэ Налшык паркым и цІэр - Хьэтлохъущокъуэ хадэ? Черкасский Ф.Н. уэсэт ищІауэ щытащ и хэкум щыщІалъхьэжьну (абы и хьэдэр щІэльщ Париж дзт Сен-Женевьев де Буа кхъэм). Пэжщ, абы куэд пыщІащ, уеблэмэ ар кьыбыл зымыщыІни щыщІэнкІэ Іуфэм, итІани зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым ар зэрыщыщІ зыуэ зэрыщыІыр.

Илъэс 450-рэ хьуауэ Урысей кьэралыгъуэм хэтщ Кьэбэрдей-Балъкъэрыр, абы щыщеужь, щоофІакІуэ, ныбжьэгъуэгъэ гупагъэрэщ фи хэкум иц лъэпкъхэм ядэпІалъгъур - ар нэрыльагъущ фи лъахэм кьихьэ дэтхэнэ дежкІи.

БЛЮМИН Георгий,
МГУм культурологиемкІэ и кафедрэм и унафэщІ.
Москва къалэ.

●Дзэпщ цІэрыІуэхэр

Къанокъуэмрэ Къанщауэкъуэмрэ

Никон летописыр щыхьэт зэрытехьуэмкІэ, 1552 гъэм щэкІуэгъуэ мазэм Мэзкуу кІуауэ щытащ бесльэнеищ Мэщыкъуэ, абазэщІ Елбэзыкъуэ Пуэн, щыщ Тэнэщыкъуэ сымэ, «зиусхьэн пщыпхуэм щхьэнэ хуащІын, ар кьащхьэщыжьын, кърым хъаным щыхьэмэн папщІэ ельэІуну».

ЛІыкІуэхэм я пашэр беслъэнеищ Къанокъуэ Мэщыкъуэт. Шэрджэс лІыкІуэхэр Мэзкуу щыІащ 1553 гъэм и щыщыкъуэ мазэ пщІондэ. Аэхэр урысхэм ящІэхуэхьуэ, пащтыхьым Иван ЕлдІанэм и лекъуэхэм хуэщІ, кърым хъаныр Шэрджэсым кьызэрытеуар щыІэхахьм, я хэкум кьагъэзэжащ, «пащтыхьым хуэнэжьыкІэ псалъэ иратри».

ИлЪЭСИТІ дэкІри, 1555 гъэм, щыхуи 150-рэ хьу лыкІуэ гуп Мэзкуу кІауат аргуэру. ЛІыкІуэхэм пашэ яхуэхьуащ жанеиищ Сибокъуэ, абы и кьуэр, и кьуэщІр, абазэщІ Езбэзлу Дударыкъуэ сымэ. Аэхэр Мэзкуу щІэкІуар урыс пащтыхьым и Іэмыщіэ зралъхьэн, ар зыдагъэІэпыкъун щхьэкІэт. ЛІыкІуэхэм пащтыхьым жраІащ «Шэрджэс хэкур Мэзкуу кьэралыгъуэм гуэр псэкІэ эзрегъадІэр». Абы щыхьэт техьауащ Шэрджэсым щыІа урыс лІыкІуэ Щепотьев Иван. Пащтыхьым аэхэ кьыгъэгугъащ кърым хъаным щихьэмэну, ар кьатеуэ хьумэ, адыгэхэм кьащхьэщыжьыну.

Урысейм кьулыкъу хуащІэн щхьэкІэ, 1557 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм Мэзкуу кІуащ пщы гуп, абыхэм «пащтыхьыр гуапэу кьаІуащІ, иригъэблагъэри унэ-лъапсэ кьаритащ». Зи гугъу тщІы пщы гупым яхэтащ бесльэнеищ Къанокъуэ Мэщыкъуэ.

Мэзкуу кулыкъу щищІэн щІидза нэужь, Къанокъуэ Мэщыкъуэ ИванкІэ кьеджэ хьуащ. Кьрымым щыІэ урыс лІыкІуэм Мэзкуу хьыбар кьригъэІащ хъаным и дзэм кьэралым кьытеуэн мурад зэриІэмкІэ. Апхуэдэ хьыбар щыгъэхихьм, пащтыхьым тэтэр хъаныкъуэ Тохьутэмышр Мэщыкъуэрэ Тулэ игъэкІуащ, тІуми унафэ яхуиІащ «дзэ пашэм яхэтыну».

1558 гъэм и бжьыхьэм Къанокъуэ Мэщыкъуэ, дзэм я пашэу, Псков ягъэкІуащ, Ливонием зауэ кьащыщхьэти. Адыгэ дзэпщыр абы щыгъуэ хуэзфІэкІащ Эстонием и зэхуэдитІыр Урысейм кьыгунгъэхьан.

1560 гъэм Къанокъуэ Мэщыкъуэрэ Кьанщауэкъуэ Сибокъуэрэ Шэрджэсым кьагъэкІуэжащ, кърым хъанэм езэуэн папщІэ, адыгэхэм кьызэщІаІэзэну. Шэрджэсхэмрэ урысхэмрэ я дзэхэм 1560 - 1561 гъэхэм Кьрымым удынышхуэ ирадыш яхуэфІэкІащ. Шэрджэсхэм я дзэм абы щыгъуэ я пашэу щытар Кьанокъуэ Мэщыкъуэрэ Кьанщауэкъуэ Сибокъуэрэщ.

Урыс летописхэм кьаэзрыхэщыкІэ, Кьанокъуэ Мэщыкъуэ дунейм щекІажар 1562 гъэрщ е нэхъ иПэІуэкІэщ.

Тхыдэм щыщІэрыІуэщ Кьанокъуэ Мэщыкъуэ и кьуэри. Мэзкуу кІуа нэужь, абы Петр цІэр кьыфІащащ. Мэщыкъуэ и кьуэр (Ах

Къакlуэм зы пщlыхьыр тlэуней, мэхъу къэбгъэщlам ещхьыркъабзэ

* * *

Шыпсыранэр бжьыхь джабэм щобжьыбжь,
зодзэкъэкl, жьыр кьыкъуэуэрэ къеlуэсэм.
Хъуреягъыр пагагъкlэ елыщlы,
ауэ нэжуц, гъуэн хьэзыщ абы и псэр.

Къэушэрыбу уи щlыфэр кънсынщ,
и сырагъырщ и лIыгъэр зыкъуэтыр.
Укъэщисми гъыжьыну хьэзырщ,
узыжьнущ нужькlэ нгу щхъуантIэр.

Дуней псом хэдэгъухьу зеущжу,
ЗЗЗэмызи тхытхжьу хоплъызэ.
Къыщнурэ къиуатэм и щхэу,
сыхьэзыр зыхэсщlэну къыслъысыр?

Лъынтхуэ налъэу хэпхъаран солъагъу,
щигъэпщкlуари кьыщlощ тхьэмпэ щlагъым...
Шыпсыранэм и гущlэм сиплъжу
абы сигу щlыхуэмыгъуэр къэсщlакъым.

* * *

Къепщlыжащ псэм щигъафlэ бзылъхугъэр,
дауэ ар зэрищlынур и фlэщ?
Къыщlыщlам Iэщlэкlыну и гугъэу
жэщым хохьэ. Игъуэткъым нэгъэущ.

Ауэ жэщым и благъэщ гъэпщlагъэр
дуненжьым темыту зыпищl.
Дэни нос, зы дурэш дэмызагъэу,
псэм къытещlэущ зэридзри ныбжь.

Къепщlыжащ псэм щигъафlэ бзылъхугъэр,
ар пльэгъууэ хэт хъун ущыгугъ?
Ауэ мащlэу иджыри мэгугъэ,
псалъэ Iэфlхэри гущlэм щиныгъщ.

Зоплъэкlыж, и нэм Iэджэ щIэзагъэу,
хьэ хьэулейр а зэшыгъуэм докъугъ.
Зыщlэр хэт, нэхъ Iенж хуэмызауэ,
гъащlэм хъунрэ мыхъунрэ щыгугъ...

* * *

Ныщхьэбэ псэр щыуэнущ тынну,
уIэгъэ пщlынри нэхъ тыншыжщ.
Гупсысэм и кIэр къэзгъуэтынщи –
щIэдзапIэр къыслъэмыгъуэтыжк.

Гупсысэм и кIэр щlым хохьэжыр,
пхъэ бжьыхьм щlыпщlэм и мэ щоу.
Блэпльыкlыу си псэм хамэщ хъэршыр,
сопсэу, сыщыIэу ямыщIэку.

Ныщхьэбэ гъуэжьыр хъуащ куэдыщэ,
ар Iуигъуэу хадэм къыщхьэщыгъщ.
Ар къыззрыкl уэнжакъыр дыщэщ,
уэгу гъащlэм хуеIэуи хэмыт.

Щым гъэщтэгъуафlэр итщ тхьэкIуэмэм,
кIий макъ зэхихмэ - илъэтынщ.
Хэтами псэр дунейм декIуну,
щIы кIапэр куэду кьеlытэж.

Зыщыгугъыпхъэхэм я гъуэсу
къыфlэщlрэ псэм щIагъафlэ,
Iуигъэ, псэр Iэнкунщ.
Гъым щыпIэжьажьэ зыгъэгуэр
зыхъуэгъэзар жьымыIэфын...

* * *

Жьыг гъэдакъэжьу зым щымыщыж,
ужогъуэрн, ужэ нэхъеи хамэщlым.
Удэ кIырым уи дунейр кьыхъэмыщыжж,
ун гъабжьым щыгъэбгIэкlрн зым имыщIэ.

Жьы щхьэгъэщlэжгур кьыкъуэуа нэужьщ
псом хуэмыдэжу кьыпхуэнар щыбатэр.
Кьудамэжр унIэжу къыпфlощlыж,
я тхъэмпхэр гуфlэжырэ зеlытатэу.

Абдеж зыхэпщlэр хэт и фIэщ пхуэщlын,
ун гъабжьым щlыр зэригъэхъейр ямыщIэ.
Зы щlэж нэхъ мыхъумри ноби къэбгъэщlынт –
упызыпущlам ухуоплъэ, дзыхь хуумыщlу...

* * *

Мыл гъырыджэр нэкlэ кьызоджэ,
снгъэджалэу дыхьэшхыжыну.
И гум итлъыр сщlэрыкъыну зэкlэ,
сытотлъадэ, сызэпрыкlыну.

Фlъэгъуа мылыр зэрыдыхьэшхыр,
кууэ нс нэжр игъэджэгуу?
Нэхъ щlы зыхъэщlауэ сщlэ жьхъым,
сыхуэзакъым псэм нэхъ хуэдэгуи.

Ар згъэзнэжащ сэ, сыздэщlылъым
удыныр екъэлIауэ си гум.
Абдеж псалъэмакъ кьызэщlылIэ
мыл щlагъым щызеуэ псы цlыкlум.

Кьызохъурджауэ и фIэщlынэу
хэти дзыхь зэрыхуэсщlым щхьэкlэ.
Зыкъуэгушхуэкl щиIэщ зыщlынIэ,
гъэр пэтрэ, ар кьыщlысщlыхьэкlэ.

Щlыlэм сыхэльынт игъащIэкlэ,
щхьэр си жагъуэу сыкъотэджжыжыр.
Мывэ щтар нIыгъыу дзапэкlэ
мыл гъурыджжр кьыскlэлъопльыжыр.

Лыгъэ сниэт сэ, сыщымыгъкlэ,
гущlэгъу кьыхсуэзыщlын солъыхъуэ.
ИтIани... мылым и фlыгъэкlэ
сыхэджэлжащ сабингъуэм.

* * *

Унхьыным хуэдэт уэщхыр,
и Iэплlэм ункIуэдэнт.
ИтIани Iукlуэтынт,
зигу кьыпщlыкlыжым ещхьу.

Къэсхжт, хъыринэ ещlэу,
джэгуэгъу унщlыну хуеит.
Хъыринэм ар къехужт,
зи щlыпэещlэм ещхьу.

И нэщхъыфlагъыр слъагъутп,
сэ уэшхым сехъуэпсэжт.
Езым зигъэгусэнт,
дыхьэшхмэ уафэгъуагъуэр.

Апхуэдэу хуэхьынт куэдрэ,
уэшх хьыжьэм зепхъуэтэж.
Араш – зыщlыпIэ деж
щеуэ сыт хуэдэ джэгуи.

Уэшхыщхуэм игъэхьаэр
делагъэу къыщохьуж.
Бгым цlыкlуу щхьэдохьж,
кIэлъыджэу уафэгъуагъуэр...

* * *

Дэпхэр гужьеlуэ жьэгум щоужьых,
мэхъур нэхъ кIащхъэ ди псалъэмакъыр.
Дытепсэлъыхьри гъащlэм нэху щыху,
щыщу зы налъэ тхуэуфбзыхуакъым.

Кьыдэтшеину псалъэ дощхъох,
мафlэри хуейкъым зэщlэнэжыну.
Зэрегъэзахуэу игу иIлъэр щхьэж,
ди псэр зэсхэм кьахуэнэжьынущ.

Жэщым щымывэр махуэм щыбзыщ,
гупсысэ гуэрхэр уэгум йохьэжыр.
Пшэм хэт жьыг закъуэм ахэр тесынщ,
я пкъым зэпхидзу и щlыIэр хьэршым.

Адэкlэ кIуэну къарум къымыхь,
къагъэззжьынутп – хэт зыхуэпIащlэр?
Дэпхэр гужьеlуэ жьэгум щоужьых,
нэщlащэ фIыцlэ кьыхощlыр яжьэм...

* * *

Фlыцlагъэр хужь щыхъуа а жэщыр
кьызэрыгуэжьу жьымыIэт.
Уэгу щlагъым уэс сэтейт кьыщlэщыр,
кIнауи мыви щымыIэжт.

Нэху щыуэ ар си нэгу щыщlэкlым,
зэшыгъуэ хужьым псэр зыщlеф.
Ар щlыIэт, мыхьэр кьызищlэкlыну,
и пльэгъуэ кьэс дуненм и щохут.

Арщхьэкlэ псори зыгъэкIуэщlым
и махуэм дыгъэр и Iэпэгъэт.
Хужьыгъэр зэуэ егъэткIужри,
зэшыгъэр псэхьэлъыгъэ мэхъу.

Иджы хужьыгъэщ схуримыкъур,
фIыцlагъэр си нэхэм щоэзш.
Жэщ кIуам кьэхъуар кьагурымыIуэу,
кIнауи мыви сахуоэжж...

* * *

Ирихьэкlыжу и щхэу
мазэ щхьэзакъуэр кьыщlокlыр.
Псэм и гъэпщкlупIэхэр нэху
мэхъурн - кьуаншагъэр кьыщlощlыр.

Хэпльэу псынэпсым ещхь щlым
си псэр губгъуэжьым йохьэжыр.
Пльызу жьыг закъуэхэр щытпц,
гъуэгу щlытехьар кьахуэщlэжкъым.

Адыкъан Руслан и усэщlэхэр

Мыхэр нэхъапэм слъэгъуащ,
си гур зэм хэхъуэу, зэм ныкъуэу.
Ноби сыхъуакъым нэгъуэщl,
си псэр иджыри зэпокъур.

Куэду зэкэльщ мы дунейр,
щlыIэр щымыIэм йохъуапсэ.
Къакlуэм зы пщlыхьыр тIэуней,
мэхъу къэбгъэщlам ещхьыркъабзэ...

* * *

Пщlэ лей кьыхуащlырт тхьэмыщкlагъэм,
Iэгу зэгуэхъари лIы нэщэнэт.
Абы есэм сыт и кьуанщагъэ,
и гъащlэм дежи сыт кьыщlынэр?

Ар ноби и Iэхэм йоплъыжьщ,
жьэупIэр Iэгум кьыщlитхьхъуэу.
И гущхьэм хьэлъэу тогъуэлъхьэжьр
и натIэм итым хущlымыгъур.

Псэуащ, кьыфlэщlу насып щыгум
псэхьэлэгъкlэ нэсыфыну.
Иджы, нхъуэжу и псэр, и гур,
кьекIуэкlым ар хьхьэжьыфыну?

Ещхьщ жьыз эпихум зэкэкIыпIэр,
лъэныкъуэ псомкIи псэм зэпхидзу.
Егъэш мо лIышхуэр, ещхьу чымпэм,
зэм щlым, зэм уафэм и нэр хуэзэу.

Щlылъщ гъащlэ нэхъуэр щихьа губгъуэр,
и Iэгум ещхьу зэгуэтхъауэ.
Щlымщ уафэр. Кьрепхъух нэIупхъуэр,
абы и плъэкlэр хуэмыхь хъуауэ...

* * *

Сыкъоушыр мис аргуэру жэщым,
гум кьеблауэ хъуар си нэгум щlэту.
Кьыщlыхъунт нэгъуэщlым пэшыр нэщlу,
ауэ сщlэжкъэ сэ пIанэпэм дэтыр.

Соплъэ сэ и щlыб си сабингъуэм,
гущlэгъу нэхум ныпхущlыкlыу гъагъуэ.
Мащlэу кьыдоуеи и дамэ гъурхэр,
ар хунт кьищlыкlыну хунэсакъым...

Дэтщ пIанэпэм сабингъуэр, зэшу,
зэжьэр нобэм къэс зы псалъэ закъэущ.
Зэуэззпсэу лIэри си адэшхуэр,
ар хунт кьищlыкlыну хунэсакъым...

* * *

Кьыппсокlухьри щыгъэзэтам гукъеуэ,
гуфlэгъуэ щыслъэгъуамкlэ согъэззж.
Арщхьэкlэ гум кьынам кьысIумыщlэж,
кьысIущlэм хуэдэ сымыщlэж щыIауэ.

Гуфlэгъуэ Iэджэ щыслъэгъуэ лъэныкъуэр
лъэкIащ зэманым хамэ кьыскхунщlын.
Гукъеуэ щызгъэжамкlэ згъэззжынщ
жьысIэнути, абыкlэ псэр схуэмыкIуэ.

Псэр зэкlэ ещхьщ щыпсэуэр зымыщlэжым,
арщхьэкlэ кьыхуэпIащlэр зыхищlащ.
Кьыщlыхужьынщи гуфlэу кьыпежьар,
плъагъунщ а тIур зэгъэсуэ зэрежьэжыр!..

* * *

Ныбжьэгъу жьыхуаIэр ныбжь уи гъусэу
зыдзырщ,
си гъащlэр нсыкIан ар кьэщlэхъу.
Иджы ныбжьэгъуу кьыщlэкIар си щхэущ,
дунейм щыслъхьмэ сфlэщlу ар собзыщlыр.

Езыми езмыгъащlэ си псэм тельыр.
Ар псоми хуэзгъэдауэ нобэм къэс
си нэгу кьыщlэзгъэжьэжмэ – напэр мэс,
щыуагъэ кьэскlэ дзузыжу си льыр.

Ныбжьэгъу жьыхуаIэр ныбжь уи гъусэу
зыдзырщ.
Иджы сыт жьызмыIами кIасэ мэхъу.
Абы, солъагъур, псорн кьыскхуегъэгъу.
Аракъэ нэхъ гугъуж си Iужур зыщlыр.

Уэрэдыпхъэхэр

1

СыкъокIуэжьыр сыщалъхуа пщlантIэжьым,
здесхьэжьам щlыщ кхуэ кьызыдзохьыж.
Си щхьэ тхъуар и пльапIэм кьыщlыхэщlым,
синэм и гур кьызэроГуэтыж.

Ди пщlантIэшхуэм щызэщи кхъуажьеижьым
сабингъуэм и мэр кьыкIэрех.
Псэ кьыскхэзыльхъар сэ кьыскхопIащlэ,
и льэр гукъыдэжым кьыкIэроху.

Псалъэ кьэскlэ гукъэкlыж кьыдэкIуэу
кьытпIыса пщlыхьэщхьэр екIуэкlынщ.
Сянэр зэрыбауэм сыщlэдэIуу
ди унэжьым нэжу сыкъыщlекlынщ.

2

Гъащlэр зы гупсысэм изгъэзагъэурэ
кьытхуэззщи ди унэм дыносыж.
Зыкъызымыгъащlэ псалъэ закъуэкIи,
ауэ унгуми куэд зэхуэхьсыж.

Ди щlалэгъуэр кIуащ кьеплъэкI имыIэурэ,
бынхэр балигъ хъурн екъэжащ.
Пасыпт уэзмытар уэстынуж мыслIэмэ,
иджы къэзгъащlэу кьыщlэкIынщ.

Гукъэкlыж хужам кьыгъэззэжьнукъым,
ноб зэхьныкъуэжри хэт ди щхэу.
Кьаныр быным тIэкlу дахуэпсэунырщи,
мис абыкlэ сыкъыумыгъэщlэхъу.

Псэущхьэхэр къаохъуэ

«Налшык зоопарк» муниципальнэ Iэхэущlапlэм и псэущхьэхэм кьащlэхъуащ зы махьшэ щырэ зы дыгъужь щырэ. Щырыр зей махьшэхэр ильэсищ и пэкlэ Астрахань кьалэм кьрашауэ щытащ. Мы дызытехьа гъатхэращ апэ щlэжьеир щагъэгъатар. Дыгъужь щырыр кьыщlэхьэхэр «Канадэ дыгъужь фlыщlэ» льэпкырщ. Зоопаркым и лэжьакlуэхэм зэрыжаIэмкlэ, щырхэр узынщэщ.

ЖАНХЬУЭТ Зураз.

Мэжджыхь Анзор.

Махуэшхуэм и саулыкъукIэ

Гъатхэпэм и 30 - мэлыжьыхьым и 1 махуэхэм Тырныауз къалэ дэт «Геолог» спорт комплексым щекIуэкIащ атлетикэ хьэпъэмкIэ урысейпсо турнир. Зэхьэзэхуэ къыгъэзэрагъэпэщащ балъкъэр лъэпкым Хэкум къыззрагъэзэрэ илъэс 50 зэрырикъум и саулыкъукIэ.

ЗэПЕУМ зэтащ Ингушым, Осетие Ищхьэрэ - Аланиеми, Къэбардей-Балъкъэрым, Ставрополь крайм я штангист нэхъ лъэрызехьэу 30-м нэблагъэ.

Апэ махуэм зи хьэпъагъыр килограмм 69-м нэсхэм я дежпашэ щыхъуащ Созаев Мурат, кг 85-м нэс зи хьэпъагъэм яхэта Саракаев Расули апэ увыпIэр иубыдащ. ЩIалитIри зыгъэхьэзыйыр спортым и мастер Макаев Мэджыдыбэ.

Атлетикэ хьэпъэ

Къардэнхэ Анзоррэ Рагнеттэрэ.

Зэхьэзэхуэхэм я секретару щытащ спортым и мастерхэу Къардэнхэ Анзорэ Рогнеттэрэ. Турнирыр иригъэкIуэкIащ дуней-нэпсо классым и судьяу Настуев Хьэжмурат.

Зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ КъБР-мрэ Iуащьэмахуэ районымрэ Спортымрэ физическэ культурэмкIэ я комитетхэм, КъБР-матлетикэ хьэпъэмкIэ и федерацэм.

ЖЫЛАСЭ Замир.
Сурэтхэр Толгуров Камал*трихащ.*

Адыгэ Iуэхуабжьу

● Зэпеуэ

"Сату щIын Iэнатlэмрэ коммерцэмрэ" факультетым и декан Къудей Руслан зэпеуэм щытекIуаIэм я гъусэу.

Нэхъыфlхэр ягъэлъапIэ

Иджыблагъэ Къэбардей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академием и пэшышхуэм щекIуэкIащ гуфlэгъуэ пщыхь. Ар къызэрагъэпэщащ «Сату щIын Iэнатlэмрэ коммерцэмрэ» факультетым и егъэджаIуэхэмрэ студентхэмрэ. Факультетым щекIуэкIа зэпеуэм щытекIуаIэм я щlэ пщыхьым къыщрагъаущ.

ЗэIущlэм кърихьэлIащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащlэ Iэнатlэхэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Джэрыджэ Арсен**, «Югория» страховой компаниемрэ и къудамэм и унафэщl **Жэпlу Зарубэч**, КъБКъМА-м и егъэджакIуэхэр, студентхэр.

Зэпеуэм и номинацхэм япкъ иткlэ, факультетым щригъэжьа щlыIэ щlэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм папщlэ «Егъэджакlуэ нэхъыфl» цlэ льапIэр хуагъафэщащ сату щIын Iэнатlэмрэ хьэпшыпхэм, ерыскъыпхъэхэм я фIагъыр къэпщытэным щыхуэгъаджэ кафедрэм и доцент **Кlэнщlэлий Залинэ**.

Факультетым щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру зэрыкъэтым папщlэ и цlэр фIыкlэ къраIуащ 5-нэ курсым и студент, пшыхьыр езыгъэкIуэкlа **Ибрий Рустам.** Факультетым и старостэ нэхъыфlу къэпщытакIуэхэм къапытащ 3-нэ курсым щIэс **Лакушевэ Дианэ**.

Зэхъэзэхуэм хэтахэр зэпеуэщ арэзы садэхъуакъым. Сэ си фIэщ мехъу иджыпсту къыдэкIуэтей щlэблэм уэзрамыгъэуIыгъынур, абыхэм куэдкlэ уащы-гуть зэрыхьынур. Си псалъэхэм я щlыхьэтщ фи факультетыр. Фэ нобэ къызэрэпэща гуфlэгъуэ пшыхьым хуэдэ илъэс куэд щlауэ академием и зы факультетми щекIуэкIакъым. Икъукlэ гъэщlэгъуэну фопсэу. Фи Iуэхур нэхъыфlыж хъумэ ди гуапэщ, - захуигъэзащ факультетым и студент-хэм Джэрыджэ Арсен икIи щlалэгъуалэм творческэ гъэсэныгъэ нэс зэрыбгъэдалъхьэм папщlэ Щlэнхабзэмрэ хъыбарегъащlэ Iэнатlэхэмкlэ министерствэм къыбгъэдэкIуу «Сату щIын Iэнатlэмрэ коммерцэмрэ» факультетым щIыхь тхылъ иритащ.

Адэкlэ папщlэ зэпеуэм щытекIуаIэр ягъэлъапIэн. Апхуэдэу, факультетым и гуп нэхъыфlхэхуащ "Сату щIын Iэнатlэмрэ хьэпшыпхэм, ерыскъыпхъэхэм я фIагъыр къэпщытэныгъэ» Iэщlагъэм хуеджа 1-нэ курсым и 2-нэ гупыр. Абыхэм я ныраторыр кафедрэм и унафэщl доцент Дэцырхъуей Владимир.

Факультетым щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру зэрыкъэтым папщlэ и цlэр фIыкlэ къраIуащ 5-нэ курсым и студент, пшыхьыр езыгъэкIуэкlа **Ибрий Рустам.** Факультетым и старостэ нэхъыфlу къэпщытакIуэхэм къапытащ 3-нэ курсым щIэс **Лакушевэ Дианэ**.

Зэхъэзэхуэм я щlыIэ щlэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм папщlэ «Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ КъБР-м и Тхакlуэхэм я союзым и жьауэм щIэту дажьэ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм къекIуалIэхэмрэ КъБКъУ-м адыгэбзэмкlэ и къудамэм щеджэгъэмрэ я зэIущlэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБКъУ-м и егъэджакIуэ, филологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор Бакъ Зеро.

«ШЫХУЛЪАГЪУЭМ» и лэжьыгъэм студентхэр щыгъуаза ищlащ абы и унафощl Хьэх Сэфарбий. Пушкlэ и литературэ хасэм екIуалIэ усакIуэ ныбжьыщlэхэр тепсэлъыхьащ езыхэм я лэжьыгъэхэм, я усэхэмрэ рассказхэмрэ къеджащ, студентхэм я упщlэхэм жэуап иратащ. Апхуэдэу щыгъуазэ ящlащ адэкlэ къапэщылъ лажьыгъэхэм.

ЗэIущlэр гъэщlэгъуэну, щlэщыгъуэу екIуэкIащ.

КЪЭЗАНФатIимэ,
КъБКъУ-м и студент.

● ЗэIущlэ

"Шыхулъагъуэм" и щlэблэ

Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ КъБР-м и Тхакlуэхэм я союзым и жьауэм щIэту дажьэ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм къекIуалIэхэмрэ КъБКъУ-м адыгэбзэмкlэ и къудамэм щеджэгъэмрэ я зэIущlэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБКъУ-м и егъэджакIуэ, филологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор Бакъ Зеро.

«ШЫХУЛЪАГЪУЭМ» и лэжьыгъэм студентхэр щыгъуаза ищlащ абы и унафощl Хьэх Сэфарбий. Пушкlэ и литературэ хасэм екIуалIэ усакIуэ ныбжьыщlэхэр тепсэлъыхьащ езыхэм я лэжьыгъэхэм, я усэхэмрэ рассказхэмрэ къеджащ, студентхэм я упщlэхэм жэуап иратащ. Апхуэдэу щыгъуазэ ящlащ адэкlэ къапэщылъ лажьыгъэхэм.

ЗэIущlэр гъэщlэгъуэну, щlэщыгъуэу екIуэкIащ.

КЪЭЗАНФатIимэ,
КъБКъУ-м и студент.

Я пIэр фIыкlэ ягъэIуу къэралым и щlыпIэ зыбжанэм я дзэ къулыкъур щрахъыкI ди льэныкъуэгъу Къудым. Абыхэм яшышу ленинкъулае Дыкъыпэ Заур. ЩIалэм къулыкъу щlэ-Сахалин.

ЗАУР кьуажэ щыкlэр, ныбжьыкlэ заочнуу КъБКъУ-м и тхылъ факультетым щIэныгъэ щlэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэу дзэ къулыкъур иретхьэкI. Абы и щlыхьэтщ иджыблагъэ щlалэм и адэ-анэ Борисрэ Людмилэрэ частым и командирым и къуэдзэм къыбгъэдэкIыу къаIэрыхьа тхыгъэр.

«Си гуапэу хьыбар фызогъащlэ фи щlалэм Хэкум и пщэ къыдилъхьа къалэныр нэсу зэрагъэзащlэр. Илъэсым щlигъуэу ди деж щыIэщи, а зэманым кьриубыдэу бэшэчагъ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, щlыху хэтыкlэ зыщlэ сэлэт нэ-су зыкъыгъэльэгъуащ, - итщ письмом. - ФIы дыдэу дэ техникэм щыгъуазэ зищlащ, уставым къигъэкlыжьу мардэхэр ещlэ икIи сыт хуэдэ щыгъуэ-ми щыуагъэшIэу къыщегъэсэбэпыф. ЩIалэр еджэнми хъарзынэу полъэщ. А псом я фIыгъэкIэ сэлэтым пщlэ къыхуащl командирхэмрэ.

Пщlэ зыхуэтщIхэу Борисрэ Людмилэрэ! Берычэт бесын вжызоIэ хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, Хэкум и хьумакIуэ нэс зэрыгъэсам папщlэ. Фи щlалэмкlэ фыгуфхэ хъунущ!»

МЭЗКУУ Къан.

● Ди щlалэхэм дзэм къулыкъу щащlэ

Хэкум и хьумакIуэ нэс

Я щlэр фIыкlэ ягъэIуу къэралым и щlыпIэ зыбжанэм я дзэ къулыкъур щрахъыкI ди льэныкъуэгъу Къудым. Абыхэм яшышу ленинкъулае Дыкъыпэ Заур. ЩIалэм къулыкъу щlэ-Сахалин.

ЗАУР кьуажэ щыкlэр, ныбжьыкlэ заочнуу КъБКъУ-м и тхылъ факультетым щIэныгъэ щlэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэу дзэ къулыкъур иретхьэкI. Абы и щlыхьэтщ иджыблагъэ щlалэм и адэ-анэ Борисрэ Людмилэрэ частым и командирым и къуэдзэм къыбгъэдэкIыу къаIэрыхьа тхыгъэр.

«Си гуапэу хьыбар фызогъащlэ фи щlалэм Хэкум и пщэ къыдилъхьа къалэныр нэсу зэрагъэзащlэр. Илъэсым щlигъуэу ди деж щыIэщи, а зэманым кьриубыдэу бэшэчагъ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, щlыху хэтыкlэ зыщlэ сэлэт нэ-су зыкъыгъэльэгъуащ, - итщ письмом. - ФIы дыдэу дэ техникэм щыгъуазэ зищlащ, уставым къигъэкlыжьу мардэхэр ещlэ икIи сыт хуэдэ щыгъуэ-ми щыуагъэшIэу къыщегъэсэбэпыф. ЩIалэр еджэнми хъарзынэу полъэщ. А псом я фIыгъэкIэ сэлэтым пщlэ къыхуащl командирхэмрэ.

Пщlэ зыхуэтщIхэу Борисрэ Людмилэрэ! Берычэт бесын вжызоIэ хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, Хэкум и хьумакIуэ нэс зэрыгъэсам папщlэ. Фи щlалэмкlэ фыгуфхэ хъунущ!»

МЭЗКУУ Къан.

"Хьауэ" жьпIафу зегъасэ!

● Абы дегъэпIейтей

Ди жагъуэ зэрыхьунщи, наркотикым дихьэхахэм ящыщу процентитхуу а щlым пэлъэщу, тэмэму псэн щIэзэзэжыр. КъБКъУ-м и студентхэм щахуэзэм апхуэдэ бжьыгъэ кьыгъэльэгъуащ КъБР-м и НаркоIуэхущlапIэм и лэжьакIуэ нэхъыжь Давыдовэ Ириндж.

А ЗЭIУЩlЭМ Iуэхугъуэ куэдым щытепсэлъыхьащ. Республикэ наркологие диспансерым и доктуар-наркологэ нэхъыжьэ Пащlэ Артур кьыщэрыхьэщамкIэ, наркотик зэрыхьэлIэхэм я ныжьыбгу илъэс кьэс нэхъ щlалэ мэхъу икIи ульэщlэмыхьэу мэбагъуэ.

Наркоманием цIыхуэхэр лъэпкъыкIэ, социальнэ щытыкIэкIэ зэхэдзкъым, ап псоми ялъэIэс.

Наркотикым дихьэха цIыхур мыпсэуж пэлъытэщ - ауэ дунейм тет къудейщ. Апхуэдэхэм цIыхухэм я щlыб кьыхуагъаззэ, уеблэмэ, Iыхьлы-благъэхэри кьыхуеижкъым. Абыхэм я щхьэм илыар зы гупсысэщ: дэнэ кьитхыну афиян? Наркотикым дихьэхахэм, я мурадыр зрагъэхъулIэн папщlэ, сытри яхуэщlэнущ: дыгъэнущ, хьунщlэнущ, уеблэмэ, цIыхуи яхуэ-укIынущ. Статистикэм кьызэригъэльагъэмкlэ, унагъуэ хьунщlагъэхэм я процент 90-р афияным дихьэхахэраш зылэжьыр.

КБР-м Уэзынщагъэр хьумэнымкlэ министерствэм и лэжьакIуэ, сабий докутыр Хьэкъун Мариндж зэрыжькIамкIэ, лъэпкъ хабзэхэмрэ динымрэ я Iуэхум фIы и льэныкъуэкIэ зегъэхъуэжьыным хэльхьэныгъэшхуэ хуащlыкlынущ.

ЕджапIэхэм ятеухуауэ жьыпIэмэ, фIы дыдэ хъунут абыхэм я программэм наркотикхэм зэрызащlыхьуманпхъэм хуэзышуий пекIэжьэр хагъэхьамэ, «хьауэ» жьэIэфу ныбжьыщlхэр ягъэсэну. Ар щхьэкlэ щlэныгъэ зэхэлIэм сабийхэм афиянныр зэ зрахьэлIа нэужь, адэкlэ абы зэщlеубыдэ.

Куэдым кьызэрэльытэмкlэ, наркотикым дихьэхахэр сымаджэхэм яхьуфкlэ хъунукъым. Ахэр акьылкlэ кьарууншэ цIыхуэрщ, етыхьэм я гущlэр якьутауэ, иджы нэгъуэщlэрэ я гъэгуф трашэну х эгу.

УФ-м КъБР-м щиIэ УФСКН-м мыпхуэдэ зэIущlэхэр еджапIэ псоми щригъэкIуэкIыну и мурадщ.

АНИМОКЪУЭ ФатIимэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Гъуэщlо Зариф, ЖылаСэ Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.

ДИ ЭХЭЩlАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щlэкIэ щlыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещlанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущlапlэхэм ядлжьэныкъкlэ - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ пресмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщlыхьа бжьыгъэхэм, кьыщlэIуа Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкlэр зэтехуэ зэныту щытыкlым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынщ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщlныгъэхэмкlэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрыкlэжьэ къБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м Щихабзэмрэ хъыбарегъащlэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щlэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редакторхэу ЖылаСэ Маритэ, Тэнащ Анатолэ, корректорхэу Афэ Тамарэ, Дышъкl Соня, Щlоджэн Инэ, Табыш Динарэ. *Компьютерхэм я зэхэтыкlэ щыгъуэ:* Щомахуэ Марианнэ, Щакlуэ Мадинэ, *сурэтыщlэ* Биц Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыраш.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытраддаж сыхьэт 21.30-рш.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.289 ● Заказ №1048